**दिन–शनिवार** **दिनांक–04.07.2026**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

मुख्यमंत्री सम्राट चौधरी अपराध नियंत्रण आ न्यायिक व्यवस्था कैँ बेसी प्रभावी बनेबाक लेल आर्टिफिशियल इंटेलिजेंस–एआई केर उपयोग पर जोर देलनि अछि। ओ आइ बोधगया केर महाबोधि सांस्कृतिक केंद्र में तीन नव आपराधिक कानून सभक प्रभावी क्रियान्वयन लेल आयोजित दू दिवसीय राज्य स्तरीय सम्मेलन कैँ संबोधित कऽ रहल छलाह। मुख्यमंत्री कहलनि जे न्याय व्यवस्था कैँ आओर तेज आ प्रभावी बनेबाक लेल सय गोट फास्ट ट्रैक अदालतक स्थापना होयत। हमर संवाददाता जनौलनि जे सम्मेलन मे सर्वोच्च न्यायालय केर वरिष्ठ न्यायाधीश, पटना उच्च न्यायालय केर मुख्य न्यायाधीश मीनाक्षी मदन राय, उच्च न्यायालय केर आन न्यायाधीश, राज्यक सभ जिलाक वरीय पुलिस अधीक्षक आ पुलिस अधीक्षक समेत दू सय सँ बेसी प्रतिनिधि भाग लऽ रहल छथि।

---

संसदक मानसून सत्र बीस जुलाई सँ शुरू होयत। ई सत्र तेरह अगस्त धरि चलत। संसदीय कार्य मंत्री किरेन रिजिजू जनौलनि जे राष्ट्रपति द्रौपदी मुर्मु मानसून सत्र संबंधी सरकारक प्रस्ताव कैँ मंजूरी दऽ देलनि अछि।

---

केंद्र सरकार पायरेसी केर खबरि कैँ देखैत मैसेजिंग प्लेटफॉर्म टेलीग्राम कैँ नोटिस जारी कयलक अछि। सरकार टेलीग्राम कैँ पायरेटेड फिल्म आ ओटीटी कंटेंट केर खिलाफ तत्काल कार्रवाई करवाक निर्देश देलक अछि। आधिकारिक सूत्रक अनुसार प्लेटफॉर्म कैँ पंद्रह दिनक भीतर कार्रवाई रिपोर्ट देबाक लेल कहल गेल अछि। एहि डेगक उद्देश्य भारतक रचनात्मक अर्थव्यवस्था, फिल्म उद्योग, प्रसारक, ओटीटी प्लेटफॉर्म, निर्माता आ वितरक लोकनिक रक्षा करब अछि।

---

राज्य सरकार झारखंड सँ बिहार मे प्रवेश करयवला अवैध आ ओवरलोडेड गिट्टी लादल गाड़ी सभक खिलाफ निगरानी बढ़ा देलक अछि। राज्य परिवहन आयुक्त सभ सीमावर्ती

जिलाक जिलाधिकारी लोकनि कँ पत्र पठा कऽ एहन वाहन सभक सघन जाँच करबाक आ मोटर वाहन अधिनियम केर तहत कड़गर कार्रवाईक निर्देश देलनि अछि।

———————————————————

राज्य सरकार बहुचर्चित टेंडर घोटाला मे गिरफ्तार भवन निर्माण विभागक तत्कालीन संयुक्त सचिव मुमुक्षु कुमार चौधरी कँ तत्काल प्रभाव सँ निलंबित कऽ देलक अछि। सामान्य प्रशासन विभाग बिहार सरकारी सेवक नियमावली केर तहत ई कार्रवाई कयलक अछि। मुमुक्षु कुमार चौधरी एखन जेल मे छथि। अगिला आदेश जारी होयबा धरि हुनक निलंबन प्रभावी रहत।

———————————————————

जहानाबाद जिलाक घोसी थाना क्षेत्र अंतर्गत चैती पिपरा स्थित फल्गु नदी मे बालू खनन कँ लऽकऽ दू पक्षक बीच भेल हिंसक झड़प मे लगभग बीस राउंड फाइरिंग भेल अछि। घटना मे छओ गोटे गोली लगला सँ घायल भऽ गेलाह। घायल सभ कँ नीक इलाज लेल पटना मेडिकल कॉलेज अस्पताल भेजल गेल छनि। एसडीपीओ कृति कमल जनौलनि जे मामिलाक जांच शुरू कऽ देल गेल आ फायरिंग मे सम्मिलित लोक सभक पहिचान कयल जा चुकल अछि।

———————————————————

प्रदेश मे मानसूनक रफ़्तार सुस्त पड़ला सँ बरखाक गतिविधि मे कमी आयल अछि। एहि कारणेँ अधिकतम आ न्यूनतम तापमान मे सेहो बढ़ोतरी भेल अछि। मौसम विभाग सँ प्राप्त जनतबक अनुसार पछिला चौबीस घंटाक दरमियान राज्यक उत्तरी आ दक्षिणी भाग सभ मे किछु ठाम हल्का बरखा दर्ज कयल गेल। पूर्णियांक ढेंगराघाट मे सभ सँ बेसी अठाईस दशमलव छओ मिलीमीटर बरखा रिकॉर्ड कयल गेल। मौसम पूर्वानुमान मे कहल गेल अछि जे आइ राज्यक बेसीतर भाग सभ मे हल्का बरखा भऽ सकैत अछि। ओतहि, अधिकतम तापमान मे एक सँ तीन डिग्री सेल्सियस धरिक बढ़ोतरीक संभावना अछि।

———————————————————

पूर्वी चंपारणक पिपराकोठी मे प्रस्तावित वाटर पार्क परियोजनाक काज मे बाधा पहुँचेबाक आरोप मे राजद सांसद सुधाकर सिंह समेत सतावन गोटे पर स्थानीय थाना मे

प्राथमिकी दर्ज कयल गेल अछि। पुलिसक अनुसार, ई लोकनि काज रोकबा देने छलाह आ मौका पर उपस्थित कर्मचारी लोकनिक संग मारिपीट कयने छलाह।

मधुबनी जिलाक जयनगर मे पेट्रोल पंप पर पिस्तौल देखा कऽ लूटक प्रयास कऽ रहल दू अपराधी कैँ स्थानीय लोक सभ घेरि कऽ पीट देलनि। मौका पर पहुँचल पुलिस टीम दुनू अपराधी कैँ गिरफ्तार कऽ लेलक अछि। हुनका सभ लऽग सँ पिस्तौल बरामद कयल गेल अछि।

मुजफ्फरपुर जिलाक सिवाईपट्टी थाना क्षेत्र मे आइ भोर मे अपराधी सभ एकटा किराना व्यवसायी कैँ गोली मारि कऽ हत्या कऽ देलक। व्यवसायी आने दिन जकाँ डेरा चौक स्थित मंदिर मे पूजा करबा लेल पहुँचल छलाह, तखनहि हमलावर सभ एहि घटना कैँ अंजाम देलक। पुलिस अपराधी सभक गिरफ्तारी लेल छापेमारी कऽ रहल अछि।

———————————————————————

समाप्त